ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№209 (21.367) ● 2008 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 25, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



ПІалъэкІэ зэхуэщІащ

УФ-м и Финанс рынокым хьыкъ Іуэхущ1апІэхэр дыгъуасэ лэжьэфакъым. Москва и дунейпсо валютэ биржэмрэ РТС-мрэ хэщІыныгъэ процентн 5 ягъуэта нэ-ужь, пІалъэкІэ зэхуэщІащ.

Іуэхур зыкІи щынэхьыфІкъым нэгъуэщІ къэралхэми. Дунейпсо финанс рынокым хэтхэм махуэ кьэс хэщІыныгъэу ягъуэт доллар мелардхэр.

Венэ щыізгуроІуэ

Щ1ыдагъэ зышэ къэралхэм я зэгухьэныгъэм (ОПЕК) Венэ къаІэм (Австрие) щриГъэкІуэкІ зэІуш1эм лъэныкъуэхэр щызэгурыІуащ щ1ыдагъэу зы жэш-махуэм къыщ1ащыр баррель мелуанрэ мин щитхукІэ ягъэмэщІэну.

Ар къыхэкІащ «дыщэ фІыщІэмэ» и уасэр проценти 6-м нэскІэ зэрехуэхам.

Зы щхьэкІи къэмынэу

Урысейм кхъухьхэр дунейпсо хьэрш станцым игъэлъэгэнущ, сыт хуэдэ финанс щытыкІэ щымыІами.

Ар жиІащ хьэршым лъэтэным унафэ щыхуащІ Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІ Терминов Анатолий. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, кризисыр хьэршым пыщІа ІэнатІэм жьэхэуэнукъым.

Уэс Іувым и зэранкІэ

Забайкалье округым уэсыпхуэ къыщесащ.

Ар щ1эзэрихьащ гъуэгухэм. Чита - Забайкальскъуэгум автомобилхэр ерагъуэу фІэкІа пхрыкІыфыркъым. Уэсыр зэратхъри сэбэп хъуркъым.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 25, *щэбэт*

◆Щ1ыхуб1хэм мамырыгъэм теухуауэ ирагъэкІуэкІ бэнэныгъэм и дунейпсо махуэщ (1980).

◆Урысей Федерацэм и Таможенникым и махуэщ(1995).

◆Гимнастикэм и урысейпсо махуэщ. Илъэс кьэс ягъэльапІэ жэпуэгъуэм и иужьрей щэбэтым.

◆Къэзахъстаным щагъэльапІэ республикэм и махуэр.

◆Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1943) советыдзэхэм фашист зэрыпхъуакІуэхэм щыІэщІагъэкІыжащ Днепропетровск, Днепродзержинск кьалэхэр (Украинэ).

◆ Илъэси 165-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урыс тхакІуэ икІи публицист Успенский Глеб (1843 - 1902).

◆Дыгъэ къыщ1экІащ сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 21-м, кухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакъикъи 5-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 44-рэ.

◆Сыхьэтхэр кьрагъэкІуэтыж. Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ, жэпуэгъуэм и 25 - 26-хэм, щ1ызблэкІ жэщым Урысей Федерацэр щІымахуэ зэманым тохь - сыхьэтхэр зы сыхьэткІэ кьрагъэкІуэтыж.

Жэпуэгъуэм и 26, *тхьэмахуэ*

◆ Австрие Республикэм и лъэныкъ туфІэгъэущ. Зэпымыуэ нейтралитетым тетыным теухуа хабзэхэр Парламентым къыщ1ащта махуэщ (1955). 1965 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

◆Бурятыбзэм и махуэщ. Бурят Республикэм и правительствэм и унафэкІэ 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м ягъэуващ.

◆Илъэси 5 и пэкІэ Іащ урысей актер, драматург, кинорежиссер, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист Филатов Леонид (1946 - 2003).

◆ Дыгъэр къыщ1экІынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 23-м, кухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакъикъи 2-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 39-рэ.

Жэпуэгъуэм и 27, *блыщхьэ*

◆Школ библиотекэхэм я дунейпсо махуэщ. Школ библиотекэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм игъэуващ. Жэпуэгъуэм и епІанэ блыщхьэм ягъэлъапІэ.

◆ Илъэси 150-рэ и пэкІэ кьалъхуащ США-м и 26-нэ президент Рузвельт Теодор (1858 - 1919). США-м и президентхэм ящыщу абы япэу хуагъэфэщащ мамырыгъэм и Нобель саугъэтыр.

◆ Дыгъэр къыщ1экІынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 25-м, кухьэжьнущ сыхьэт 17-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 35-рэ.

ПсІалъэхэр зыгъэхьэзырыр ШАЛ Мухьэмэд.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зэхуэщ1экІэ ныбжьэгъу зэдэфІкъым.



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ипщэ щІынальэм щыщыІэ щытыкІэм теухауэ

● Щ1эныгъэ

Дыгъуасэ КЪБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ институтым къыщызэІуахащ махуэ зыбжанэкІэ Налшык щекІуэкІыну урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцыр.

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ УФ-м ЩІынальэхэм зегъэужьыныкІэ и министерствэм, КЪБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ институтым, Щ1эныгъэхэмкІэ Урысейпсо академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрым.

«Кавказ Ищхьэрэм щекІуэкІ иджырей этнополитикэ, этноконфессиональнэ Іуэхугъэхэр: гугъуехьхэмрэ абыхэм я хэкІыпІэхэмрэ» зыфІаща зэхьихьэр къыщызэІуахым кърихьэлІащ икІи фІэхъус псалъэкІэ хьэщІэхэм зыхуагъэзащ КъБР-м и Президентым и чэнджэщгъу Думэн Хьэсэн, КЪР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий, КЪБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ институтым и унафэщІ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий Сымэ.

Япэу псалъэ зрата, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, РАН-м Урысей тхыдэмкІэ и институтым и щІэныгъэгъэрыІажьэ Бугай Николай убгъуауэ тепсэльыхьащ Урысей Федерацэм щыщыІэ лъэпкъ зэхущытыкІэхэм этнополитикэ и лъэныкъуэкІэ зэрызэгурыІуэжьым, зэрызэгуфІыкым пыща Іуэхугъуэхэм. КупщафІэт икІи щапхъэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ щІэгъэбыдат Щ1эныгъэхэмкІэ Урысейпсо Академием и академик, РАН-м и Ипщэ щІэныгъэ центрым и Іэтащхьэ Матишов Геннадий Урысейм и Ипщэ щІынальэм щыщыІэ социально-политикэ гугъуехьхэм теухуа и къэпсэльэныгъэр.

Ипщэ Федеральнэ щІынальэм, Москва къалэ щыІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я щІэныгъэлІхэм пленарнэ зэхуэсым и ужькІэ гуп-гупурэ загъэщауэ мэлажьэ.

НЭЩ1ЭПЫДЖЭ Замирэ.

ПІалъэкІэ зэхуэщІащ

УФ-м и Финанс рынокым хьыкъ Іуэхущ1апІэхэр дыгъуасэ лэжьэфакъым. Москва и дунейпсо валютэ биржэмрэ РТС-мрэ хэщІыныгъэу процентн 5 ягъуэта нэ-ужь, пІалъэкІэ зэхуэщІащ.

Іуэхур зыкІи щынэхьыфІкъым нэгъуэщІ къэралхэми. Дунейпсо финанс рынокым хэтхэм махуэ кьэс хэщІыныгъэу ягъуэт доллар мелардхэр.

Венэ щыізгуроІуэ

Щ1ыдагъэ зышэ къэралхэм я зэгухьэныгъэм (ОПЕК) Венэ къаІэм (Австрие) щриГъэкІуэкІ зэІуш1эм лъэныкъуэхэр щызэгурыІуащ щ1ыдагъэу зы жэш-махуэм къыщ1ащыр баррель мелуанрэ мин щитхукІэ ягъэмэщІэну.

Ар къыхэкІащ «дыщэ фІыщІэмэ» и уасэр проценти 6-м нэскІэ зэрехуэхам.

Зы щхьэкІи къэмынэу

Урысейм кхъухьхэр дунейпсо хьэрш станцым игъэлъэгэнущ, сыт хуэдэ финанс щытыкІэ щымыІами.

Ар жиІащ хьэршым лъэтэным унафэ щыхуащІ Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІ Терминов Анатолий. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, кризисыр

Зыужьыныгъэм и гъуэгукІэ

● Махуэшхуэр ягъэлъапІэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Сэхьу Владимир щІэ лъапІэ зэрыфІащамкІэ іохьуэхьу.

Республикэм и Президентым гуфІэгъуэ пшыхьым утыкум кьриплахэм ящыщ КъБР-м и щІыхьэ усакІуэ Зумакуловэ Танзиля.

Парламентаризмэм и лъабжьэхэр ди щІыпІэм зэрыщагъэтІылъэр илъэс 70. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентыр кьызэрыгъэрагъэпэщІэр илъэс 15 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ пшыхь дыгъуасэ щызэхэтащ Налшык дэт Къэрал концерт гъэдэхэныгъэм. Ди щІынальэм игъуэт зыужьныгъэр, хабзэзубзыху орган нэхъыщхьэм и лэжьыгъэ кушІафІэр кьызыхэщ кьыхуеджныгъэхэмкІэ, уэрэ гъэгъахэмкІэ гъэщІэрэщІат пэшыпхуэр, хэкупсэ макьамэхэр щыІурт.

ДИ ПАРЛАМЕНТЫМи махуэщхуэмкІэ екъуэхьуну зэІущІэм зыкъраГъэхьэлІащ республикэм и унафэщІхэр, къэралым и парламентар щІэрыІуэхэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм абы и депутату щытахэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм яхэтт КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен,** КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Ярин Андрей,** республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщІ **Къэжэр Альберт,** УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым КъБР-м и ДІыкІуэу хэт **Къэрмокъуэ Хьэчим,** УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Щ1ыхэгъэш Адэлбий** сымэ, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу гуфІэгъуэм хэтащ Къэрэшей-Шэрджэс, Абхъаз, Адыгэ, Дагъыстан, Ингуш, Къалмыкъ, Осетие Ишхьэрэ - Алание, Осетие Ипщэ республикэхэм, Астрахань, Волгоград, Краснодар, Ставрополь щІынальэхэм кьыкІа хьэщІэхэр.

КъБР-м и Парламентым хэтэгъэза хьэхьэу дахэкІэ гуфІэгъуэ пшыхьыр кьызэІуихащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен.**

- Илъэс 70 гъэгъуанэ кьэзыкІуа хабзэзубзыху орган нэхъыщхьэм и махуэшхуэр гъэлъапІэныр республикэм и жылагъуэ гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызыІэ Іуэхугъуэхэм ящышщ, сыту жыІэмэ цІыхубэм и лІыкІуэ пэжхэм я зэхуэсым зэфІих лэжьыгъэ псори зыхуэунэтІар бэм ифІ зыхэлъ хабзэхэр къэщтэнрыщ, ахэр гъащІэм хэпщэнырщ, - кьыхигъэщащ республикэм и УнафэщІым. - КъБР-м и Парламентыр сыт хуэдэ лъэхъэни хуолажьэ республикэм мамырыгъэр щыгъэбыдэным, абы щыпсэу лъэпкъыбэр зэкъуэту, зэгурыІуэу псоным. Ди депутатхэм сыныбохьэхьу къэралым и хабзэубзыху органхэм сытым дежи фхуэфащэ увыпІэ щыбгъуэтыну, мамырыгъэр ехьулІэныгъэрэ псоми диІэну.

Апхуэдэ псалъэ гуапэхэм я ужькІэ Къанокъуэ Арсен къэрал дамыгъэхэр, щІэлъапІэхэр зэрыфІащамкІэ тхыльхэр яритащ хабзэхэр зэхэлъхьэным хуэлэжьа депутатхэм. Апхуэдэу УФ-м и Президентым и Унафэм ипкъ иткІэ, «Зэкъуэщыгъэм и орден» дамыгъэ иратащ Гелястанов Ахьмэт, Уэрсей Фаинэ, Дадэ Хьэмыт Іэ, Зумакуловэ Танзиля, Нэхущ Заурбий, Тау Пщыкъан, Ефнды Джылахьстэн сымэ, нэгъуэщІхэми. Республикэм и хабзэхэр зэхэгъэувэным жыдэхэру мы зэманым зэрыхэлэжьыхьым щхьэкІэ КъБР-м и ЩІыхь тхыдэхэр иратащ Іэпщэ Заур, Кьандэхъу Мухьэмэд, Махуэ Владимир, Чеченов Хьэсэн, Щоджэн Мартин, нэгъуэщІхэми. «КъБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ», «КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэхэр фІащащ депутатхэу Сэхъу Владимиррэ Несутулов Викторрэ.

АдэкІэ утыкум кьихащ КъБР-м и Парламентым и ТхьэмадэІ **Бечелов Ильяс.** Республикэм и законхэр кьыдэзыгъэкІ ІэнатІэ нэхъыщхьэм кьикІуа гъуэгуанэм щытепсэльыхьыжым, абы жиІащ ар гугъуу, ауэ щІыхь зыпылъу зэрыщытар икІи абы и дэтхэнэ ІыхьэмикІэщІу кьытеувыІащ.

- Нобэрей ди хабзэубзыху органыр ар иджырей дунейпсо пщалъэхэм хуэкІуэ зызыужьа ІэнатІэщ. Депутатхэм я лэжьыгъэр щыболъагъу республикэм и гъащІэм и дэтхэнэ унэтІыныгъэми. Апхуэдэхэщ узынщагъэр хьумэным, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ, щэнхабзэм, щІалэгъуалэ Іуэхум, нэгъуэщІ ІэнатІэхэми яхуэгъэпса хабзэхэр, - жиІащ абы. - ФІыщІэ ин хуэщІ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен гулъытэ хэха кьызэрытхуищІым папщІэ.

ГуфІэгъуэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ абы кьрихьэлІа нэгъуэщІ щІыхь ІэрыІуэхэри. Ахэр тепсэльыхьащ КъБР-м и Парламентым хабзэхэр зэхэуэнымкІэ, ахэр гъащІэм хэпща хьунымкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм.

Республикэм и хабзэубзыху Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэм и махуэщхуэр дагъэльэпІащ ди артист щІэрыІуэхэм. ГуфІэгъуэ концертым хэтахэм ящыщщ «Кабардинка», «Балкария» республикэ къэфакІуэ ансамблхэр, КъБКъУ-м и «Калисто» щІалэгъуалэ гупыр.

Пшыхьым и кІэухуэу кьалащхьэм и Ут нэхъыщхьэхэм дежа уафэгъум драгъэльэтащ махуэшхуэм хэзгъэкІатІэ зэмыфэгъэхуэр. Дэрэжэгъэ ин яІэу абы еплъащ кьалэдэсхэри щыхьэрым и хьэщІэхэри.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Абы дегъэпІейтей

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и псалъэ

ИУЖЬ ЗЭМАНЫМ нэхьыбэ хьуэрэ макІуэ адыгэ Іуэхум теухуауэ политикэ кьару зэмылІэужьыгъуэхэм ирагъэкІуэкІ псалъэмакъхэр. ЦІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм, псом хуэмыдэу электрон Іэмалхэм кьэзыгъэсэбэпхэм, утыку кьралъхьэ щІыхухэр кьызэщІэгъэстыным, адыгэхэр езырезыру зэфІэгъэнэжьным, лъэпкъыр зыхуэпабгъэр Урысейм и сэбэп зыхэлъхэм ящ1эщІэгъэувэным хуэунэтІа тхыгъэхэр. Кьэбгъэльэгъуэну ирикъунщ «ТенджызитІым и тІуащІэр зыІыгъ Шэрджэс Хэкущхуэ» кьызэрагъэпэщыну зыгуэрхэр хущІэкъу хуэдэу ягъэІу делагъэхэр. Апхуэдэ Іуэху мыщхьэпэхэр езыгъэкІуэкІыр, зэрыгурыІуэгъэщи, адыгэхэри Урысейри зыгъэгъу мыхъухэрщ.

А псалъэмакъэр ауэ сытми езыр-езыру кьежьакъым. Урысейр нэхъ лъэщ хьуху, абы и сэбэп зыхэлъхэм зэзыпщытхэм зэхащІыхь мыхъумыщІагъэхэри щІохуабжьэ, адыгэ Іуэхур мыбдеж кьыщагъэсэбэп Іэмалхэм ящыщ зыуэ аращ.

Пэжщ, адыгэхэм я пащхьэ кьит кьаІэнэ мащІэкъым, дэ абыхэм дащыгъуазэщ икІи властым и органхэм щІыгъуэу аэр зэрыдэдэкІыным яужь дитщ. ЛІэщІыгъуэкІэрэ адыгэхэм кьакІуа гъэзэгуанэм гъэзэгъуэхэр зэрыхэлъари пэжщ, ахэр дэ дигу ильщ икІи апхуэдэ гъэзэгъуэхэм кьытрамыгъэзэжын, ди лъэпкъыр тегушхуауэ япэкІэ кІуэтэн папщІэ тхуэзэдІэкІ псори долэжь.

Адыгэхэм я кьэкІуэнур Урысейм пащІащ илъэс 450-рэ и пэкІэ. Тхуэдэ Іэджэрэ щыхьэт техъуащ ди аджьхъэм абы щыгъуэ кьыхахауэ щыта гъэгуэр зэрытэмэным икІи дэ абы дытекІынукъым. Адыгэ лъэпкъым и тегушхуауэ япэкІэ кІуэтэн папщІэ тхуэзэдІэкІ псори долэжь.

Адыгэхэм я кьэкІуэнур Урысейм пащІащ илъэс 450-рэ и пэкІэ. Тхуэдэ Іэджэрэ щыхьэт техъуащ ди аджьхъэм абы щыгъуэ кьыхахауэ щыта гъэгуэр зэрытэмэным икІи дэ абы дытекІынукъым. Адыгэ лъэпкъым и тегушхуауэ япэкІэ кІуэтэн папщІэ тхуэзэдІэкІ псори долэжь.

КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм кьелытэ ди екъуэІэныгъэхэмрэ ди кьэкІуэну нэхъыфІымрэ я щэсыпІэу щыта Урысейм, ди лъапІэ псори зыпыщІа Урысейм быдэу дыззэрыкьуэтыр ди кьарум и хэкІыпІэу.

ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд,
КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

2008 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м.

Жэпуэгъуэм и 29. Музыкэ театр. Налшык къалэ

Тенджызэ ФІыцІэ Іуфэм щыпсэу шапсыгъэм адыгэ къафэмкІэ я «Шапсыгъ» щыхубэ ансамблым концерт итынущ



Щ1ыщ1дзэр сыхьэт 18-рщ

Художественнэ унафэщІыр Хеишхуэ Русланщ

Махуэгъэс ■ Дифі догъэлъапІэ

КЪЭБЭРДЕЙ

Щ1бэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

«Адыгэ псалъэр»
къыфІэрыхьэну фыхуеймэ
Ди щІэдэкІакІуэ лъапІэхэр!

Фигу къыдогъэкІыж 2009 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну гъэхэтэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр. Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кІэлІейкІи 10-рэщ. «Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почтт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

ПсэупІэхэмкІэ къыщэрагъэпэщ

АДЫГЕЙ. ***Дыгъэрыт илъэсым зэрыщ1дзэрэ псэупІэу метр зэбгъуэтнатІэ мин 37,2-рэ республикэм щатащ.***

АДЫГЕЙМ УхуэныгъэмкІэ, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм къыщэриубыдэу ята псэупІэхэм щыщу мин 32-м нэблагъэр унейщ. Дыгъэрыт илъэсым и 4-нэ кварталым иджыри метр зэбгъуэнатІэу мин 20-м нэблагъэ ятынущ. Ахэр нэхъыбэу кьат куэду зэтет унэу щытынущ. Псори зэхэту псэупІэу мы гъэм ягъэцуф метр зэбгъуэнатІэ мин 67-м нэблагъэнущ.

Урысей Федерацэм и лЫкІуэ

АБХЪАЗ. ***Урысей Федерацэм и лЫкІуэу Абхъазым ягъэкІуэнущ дипломат Григорьев Семен.***

УРЫСЕЙ Федерацэм нэгъуэщІ къэралІуэхухэмкІэ и министрым и кІуэдзэ Карасин Григорий журналистхэм зэражриІамкІэ, Григорьев Семен Абхъазым ЛЫкІуэу зэрагъакІуэм теухуа унафэр мыгувэу кьыдэкІынущ.

Григорьевыр илъэс зыбжанэкІэ Афганистаным, КъуэкІыпІэ Жыжьэм и нэгъуэщІ къэралхэми щылэжьащ, Абхъазым щыІащ.

Абхъазым и премьер-министр Анкваб Александр къызэрыхигъэщамкІэ, УФ-м и хэщІапІэр Сыхьум кьалэ Лакобэ Нестор и щІэр зезыхьэ уэрамым щаухуэнущ. Абы екъуІа лэжьыгъэхэр идкьыпсту йокІуэкІ, проектыр ягъэхьэзыр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

Щ1эныгъэ

Дыгъуасэ КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ институтым къыщызэІуахащ махуэ зыбжанэкІэ Налшык щекІуэкІыну урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцыр.

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ УФ-м ЩІынальэхэм зегъэужьыныкІэ и министерствэм, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ институтым и щІэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ центрым и Іэтащхьэ Матишов Геннадий Урысейм и Ипщэ щІынальэм щыщыІэ социально-политикэ гугъуехьхэм теухуа и къэпсэльэныгъэр.

Ипщэ Федеральнэ щІынальэм, Москва къалэ щыІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я щІэныгъэлІхэм пленарнэ зэхуэсым и ужькІэ гуп-гупурэ загъэщауэ мэлажьэ.

НЭЩ1ЭПЫДЖЭ Замирэ.

БлэкIар ди нэгу къыщIэзыгъэувэж сурэтхэр

Парламентым и Тхъэмадэ Бечелов Ильяс гуапэу фIыщIэ зыхуишIахэм ящыщ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ Мер Юрий.

КъБР-м и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэр ильэс 70, Парламентыр ильэс 15 зэрырикъуи и щыхькIэ ди республикэм и кIалашхьэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ Іуэхуэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым кьыщыщ ЗЭГъуаха сурэт галереер. Абы щагъэлъагъуэ мы Іуэхущапэм и кьулыкъущIэ ильэс блэкIахэм щытахэм я сурэтхэр.

МАХУЭЩХУ ЭР зыгъэльапIэ псоми, хэгъэрейхэм я гуфIэгъуэр дэлэтыну щIипIэ куэдым кьинкIыу кьаХуеблэгъа хьэщIэхэми яхуэгъэза фIэкIхьуС псалъэхэмкIэ зэIущIэ кьиузэIуихащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**. Ар тепсэльыхьащ галереем кьыщыгъэльэгъуа сурэтхэр зэрызэхуахьэсам, Архив Іуэхущапэм, Парламентым и Аппаратым, депутатхэм, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ институтым я гущIэ кIуа абы зэрыкIэлым, сурэт текIыжахэм, жьы дыдэхэм Іэщ1агъэлI нэсхэр елэжьу портрет дахэхэр утыкIу кьиузэрырахьам. Апхуэдэуи Бечеловым и гуапэу кьыхигъэщащ зэгуэр кьыхигъэщащ КъБССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхыхьэхэр щекIуэжьыну щыта пешIыпIэ зэрыщызэIущIэнур, иджыпсту щылажьэр зэрызэрагъэпэщыжьынум кьых эмIыу.

Адэкlэ зэIущIэм щагъэльапIэщ КъБР-м законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм блэкIа зэманым щылэжьа нэхъыжьыфIхэр. Абыхэм ящыщ, псалъэм папщIэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщым и къуэдзэу Іуэхущапэм и хэщапIэр: КъБР, Налшык къалэ, Армянд Инесса и цIэр зезыхьэ уэрам, 43, телефоныр: 40-52-48.

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

ПщIантIэ дэлъэдапIэхэр зыхуей хуагъэзащ

- ПсоунIэ-коммунальнэ Іуэхущапэмрэ Налшык къалэ администрацэмрэ зыдэлъэIэныкьуу ди пщIантIэ дэльадапIэхэр зыхуей хуэзгъэзэным ди гугъэр хуэтыжащ, Уэ зыпхъ догъашэ. Ди пщIантIэм ифIэ хьуа щытыкIэр абы фIэкIа тхуэшэчыжьыкъым: уэшх нэхъыщхьмкIи 30-м нэс псым щIыхуэзэн хэлъ, машинэ псыр щIэхэр хэкIыфIыркъым. Ди пщIантIэр зэIуэзэнэ хьун папщIэ, уиэм щыпсэуэхэм удз гъэтхэр, жьы щыкIуэхэр, нэгъэшI кхэкIыгъэ дахэхэр хьдох, арищхэкIэ уэшхым пощIэщIельэкIыжри, ди гугъуехьыр псыхэкIуадэ мэхъу.

Налшык, Тэрчкъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №54-м щыпсэуэхэр.

Жуэап ирет Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Сорокин В.И.**

- Къалащхьэм и 5-нэ микрорайоным щыпсэуэхэм зыкъыорыгъуахэгъэ Іуэхуэр зэфIэха хьуащ. Иджыблагъэ асфальт тралъхьащ унэхэу №54 «а»-м, «б»-м, «в»-м, «г»-м, №56-м я пщIантIэхэм, апхуэдэу абыхэм уэрыддэлъадэ гъуэгуэ Гэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым деж къыщегъэжьауэ Калюжнэм и цIэр зезыхьэ уэрамым нэс.

УнагъэущIэхэм субсидие зэрыратыр зэщ

- Си щхьэхъуэмрэ сэрэ мазитI хьу сабий щыщ дилэщ. Ди лыхуейт Налшык фэтэр кьыщытщэхуну, арищхькIэ кьэддэжмазэ улахуэр зэрыхьыр сом минр 6-7-щи, ар тхуэпфкIынукьым. Дауэ, нэхъыщхьжыраци, дапщэщ, сэ апхуэдэ лэжьащIкIэ фэтэр кьыщыщсцхунр?

Хьэпэ М.А., *Зенкъуэ къуажэ.*

Жуэап ирет КъБР-м ЩIалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхуэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI **Пащты Б.С.**

- Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщащтащ икIи щолажьэ «КъБР-м и унагъэущIэхэр псоунIэ унэкIэ 2007 - 2010 гъэхэм кьыззгъэпэщыным теухуауэ» республикэ программэу «ПсоунIэ 2002 - 2010» федеральнэ программэр зи лъабжьэр. Абы и мурад нэхъыщхьэр абы хуэныкьуэу кьалъыта унагъэущIэхэм кьэралыр ядэIэныкьуныгъэ. Программэм иткIи иткIэ, апхуэдэ унагъэущIэхэм субсидие ират, псоунIэ унэ кьащэхун папщIэ, унеи лъапсэ жудхэну ипотекэ кредит е щIыхуэ кьыщащтэкIэ, ухуэныгъэм япэу хэлъхьапхъэ ахьыщэри хэту.

Мы программэм хьхьэну хуитщ УФ-м и хабзэхэм ямкIи иткIэ зи псоунIэр егъэфIкIыжу хуейуэ кьалъыта унагъэущIэхэр. А хуитыныгъэр унагъэущIэхэм кьыззрагъэсэбэп хьунур зэщ.

Субсидиием и куэдагъэр зэльытэр унагъэущIэм ды лысыпIэхь псоунIэм и инагъыу щытын хуейрц: щIыхуитI зэрыс унагъэущIэм (зэщхьгъусэхэр е тIум я зым зы сабий и гъусэу) ятыысын хуейщ метр зэбгъэшнатIэ 42-рэ, щIыхущ зэрысым - дэтхэнэми хуэзэу метр зэбгъэшнатIэ 18.

Сабий зимыIэ унагъэущIэхэм субсидиеу ират хабзэщ абыхэм зухаха уиэм и уасэм и процент 35-р, зы сабий е нэхъыбэ зыгъэута унагъэущIэхэм ират уиэм и уасэм и процент 40-р.

УФ-м и Правительствэм 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кьыдигъэкIа Унафэ №979-м иткIи иткIэ, зи гугъу тщIы программэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Абы хэт хьуну зэщхьэгъуэхэм я ныбжьыр ипэкIэ илъэ 30-м фIэкIауэ щытын хуэмейуэ кьалыытэу щытамэ, иджы а бжыгъэр 35-уэ ягъэуващ. Апхуэдэу субсидие къеЖьэзыхьну мурад зыщIа унагъэущIэхэм езыхэми мыльку гуэр ябгъэдэлъын хуейщ - езыхэм зохуахъсами, ипотекэ кредит е щIыхуэ кьащтауэ арами. Мы зэманым субсидием екъэлIа программэр гъащIэм хэпщэным елэжьыр КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэрщ. Іуэхум техуауа чэнджэщ щхьэхъуэр къущатынри араш. Іуэхущапэм и хэщапIэр: КъБР, Налшык къалэ, Армянд Инесса и цIэр зезыхьэ уэрам, 43, телефоныр: 40-52-48.

«Александровкэ» хьэблэм спорткомплекс щаухуэнущ

- Ди куейм щыгъэнсхуIэхэр, спорт комплекс зэрыщымыIэм кьыхэкIкIэ, лъэIукIэ зыщхудогъаз ашхуэдэ Іуэхущапэхэр ди дэж щыгъхуэвхуэну. Абы хуэкIуэну кьытщохьу Нартан уэрамым дэж щыIэ щIыIэнэщIэр. Ашхуэдэуи нэгъэщI зы Іуэхущхуэми дегъэпIейтей. Уэлбанэ нэужьым кьалэм кьыдэж уэшхыпсыр псори щыгъэхуэсыр ди куейрщ. Ар кьат кьуду зэтет уиэщхуэхэм я щIыхуэхэм йольаIэ, абыхэм щыгъэбгрыща кIапсэ, бжьамий зэхуэмыдэхэм зэрая яхуэхьу. Абы кьыхэкIыуи, апхуэдэ щIыхуэрхэм Іэмал имыIэу егъэкIуэкIыпхъэ санитарно-техникэ гъэкIыгъэхэр щыгъэфIэнхьыфыркъым. ИкъукIэ дыщогуть фыкьыддэIэпыкьуну.

«Александровкэ» куейм и Нартан уэрамым щыпсэуэхэр.

Жуэап ирет Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Сорокин В.И.**

- Тхыгъэм зи гугъу щащI Нартан уэрамым деж щыIэ щIыIэнэщIэм джэгупIэ, зыгъэпсэхупIэ Іуэхущапэ гуэрн щыбгуэ хуэ хьунукьым, абыкIэ хьуэам щыпсэщэ, вольт 1000 хьэлектрокъаруэ кIапсэ щыукъуэдияци. Ауэ, «Александровкэ» куейм и зыужьныгъэм екъэIа проектым, къалэ администрацэм и Іэтащхьэм 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м кьыдигъэкIа унафэм япкъ иткIэ, Хьыдзэдж А.В. Кьанкъуэшым и цIэр зезыхьэ уэрамым щIапIэ щратащ спорткомплексыщIэм и уиэ щригъэухуэн папщIэ.

Апхуэдэу кьыхьдогъащ 2007 гъэм мы куейм хьхьэ, Суворовым и цIэр зезыхьэ уэрамым и лъсэ лъагъэр щыхуей зэрыхуа гъэзэжар, Иданым и цIэр зезыхьэ уэрамым кьыщыщIэдзауэ Калининым и цIэр зезыхьэ уэрамым нэс. Куейм и нэгъэщI уэрам зыбжанэ 2009 гъэм хьалэм щедгъэжьуэкIыну гъэзэгъэзэгъэщIыжьыныгъэ лэжьыгъэхэм хэдгъэхьащ.

● КъБР-м и Парламентыр илъэс 70 зэрырикъур ягъэлъапIэ

1959 - 1963 гъэхэм щыта Куриловэ Людмилэ, а къулыкьыр 1975 - 1980 гъэхэм езыхьэкIа Мамаевэ Іэминат, Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэщым и къуэдзэу 1963 - 1967 гъэхэм лэжьа КIуащ Тамарэ сымэ, нэгъэущIэхэр.

* * *

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм а мазэ дыдэм кьыщызэIуахащ КъБР-м и Парламентым и блэкIамрэ и нобэмрэ теуха сурэт гъэлъэгъуэныгъэ.

ПАРЛАМЕНТЫМ и Аппаратым и кьудамэм и унафэщI Шурдым Майе щыгъуаз дызэрищIамкIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и ильэс 70. Документхэмрэ материалхэмрэ» зыфIаща выставкэр кьыщызэрагъэпэщым абыхэм щIэгъэкъуэн кьахуэхъуауэ Архив ІуэхущапIэм, Льэпкъ библиотекэм, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ институтым я лэжьакIуэхэр.

Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм и етIуанэ кьатым и пэIущIэ пэшым щагъэуа стендым щыболъагъу Парламентым теухуауэ ильэс блэкIахэм кьыдэкIа тхыльхэр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщым и къуэдзэу Іуэхущапэм и хэщапIэр: КъБР, Налшык къалэ, Армянд Инесса и цIэр зезыхьэ уэрам, 43, телефоныр: 40-52-48.

Депутатхэм жыгхэр хасэ

Парламентым и юбилейм теухуа гуфIэгъуэ Іуэхуэгъуэхэм хэту Лениным и цIэр зезыхьэ проспектымрэ Балъкъэр уэрамымрэ я зэхэкIыпIэм дыгъуасэ кьыщыщIэуахащ парламент аллее.

ЗэIущIэ гуапэм кьырихьэлIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советымрэ и Къэрал Думэмрэ хэтхэр, Ипщэ Федеральнэ округым и хэгъуэгуэм я хабзэубзыху органхэм я депутатхэр. Абхъаз, Осетие Ипщэ республикэхэм я Парламентхэм я лIыкIуэхэр, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, кьалэ администрацэм я лэжьакIуэхэр.

- КъБР-м законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр кьыззрызэрагъэпэщрэ ильэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ нобэ кьызэIутх аллеер Налшык и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэм хуэзащ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс.** - Абы и гъэнэгъущ КъБР-м и Правительствэм и Унэр, Спортымкlэ уардэунитIыр, Сабий творчествэмкlэ Іуэхущапэр. Мыпхуэдэ хабзэ дахэхэм ЗьабжьэкI быдэ яIэщ икIи сыхуейт кьытщIэхъуэ щIэблэм абыхэм адэкIи пащэну, ахэр ирагъэфIэкIуэну. Махуэ зыбжанэ и пэкIэ, комсомольскэ кьызэрызэрагъэпэщэ ящыщ ильэс 90 зэрырикъур щагъэлъапIэм, жыгыщIэ цIыкIуэхэр хасащ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ хабзэ дахэщ ар икIи ди республикэм и кьалэ, кьуажэ псоми абы гулъытэ щыхуащIын хуейщ.

Адэкlэ Бечелов Ильяс КъБР-м и Президентми, Правительствэм хэтхэми фIыщIэ яхунащIащ къраухьэжьа Іуэхугъуэ псорн кьызэрыдаIыгъамкIэ икIи жыдэхэу абыхэм зэрыхэтым папщIэ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Ярин Андрей** кьызэхуэсахэм ехьхуэхьащ икIи кьыхигъэщащ республикэм и Парламентым и лэжьакIуэхэм нобэ хужаIэну псатъэ гуапэ псорн жэуапIыныгъэ пыIуэ я кьалэныр зэрырахьэкIым кьызэрызпэкIуар.

- Мыпхуэдэ Іуэхугъуэ дахэкIэ зэхаубла махуэ шхэгъэ екIуу, щIэщыгъуэу зэрекIуэкIынум щэч кьытесхьэркъым, - жиIащ Ярин Андрей. - Илъэс зыбжанэ дэкIмэ, аллеем инкIуэну цIыхухэм гуапэу ягу кьагъэкIыжьынущ жьауэ кьатещIэ жыг барингэхэр щыхаса махуэшхэрн ар хэзысахэри. Абы кьыхэкIыу жьипIэ хъунущ иджыпсту зи ужь дитыр КъБР-м и Парламентым и тхыдэм уризыгъэпльэк Іуэхугъуэ ину зэрыщытыр.

Адэкlэ КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ хэщIэхэмрэ зэгъусэу жыгыщIэ цIыкIуэхэр хасащ.

щхьэщэмыщI Изэ.

Сурэтхэр **КъАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сурэтхэр **КъАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Мазибгъу лэжьыгъэм кърикIуахэр

КъБР-м щыIэ МВД-м ГИБДД-мкIэ и Управленэм щызэхалъхьэжащ дызэрыт ильэсым и мазибгъум я лэжьыгъэм кърикIуахэр.

УГИБДД-м кIэлъыплъныгъэмкIэ и кьудамэм и унафэщым и къуэдзэ милицэм и подполковник **Къъуэтепыхьэ Владимир** и докладым зэпэчрыхау я къыщыгъуэвыдащ яхуэзэфIэкIахэмрэ кьапэщыт кьалэнхэмрэ.

- 2008 гъэм и мазибгъум республикэм гъэгъу насыпыншагъэу 529-рэ щатхащ, абыхэм щыхуи 140-рэ хэкIуэдащ, 668-м фэбжь хахащ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъуэмэ епльытэ, авариеу кьэхъуэ проценти 8,2-кIэ, щыхуу хэкIуадэр - проценти 9,7-кIэ, фэбжь хэзыхъэр - 9,1-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

ЩытыкIэр нэхъ щыгугъущ Шэрэдж муниципальнэ районым. Абы авариеу кьыщыхъуэр процент 16,7-кIэ, Бахъсэн кьалэм проценти 7,1-кIэ нэхъыбэ щыхъуащ.

Гъэ ту насыпыншагъэ хэм нэхъыбэ щыхэкIуэдащ «Кавказ» федеральнэ гъэгуэм. А бжыгъэхэм Бахъсэн куейм процент 21,4-кIэ зыщIэтащ, фэбжь зыгъэгъэхэр процент 12,5-кIэ нэхъыбэ щыхъуащ Іуащхьэмахуэ районым, - кьигъэльэгъуащ къэпсалъэм.

Аварие хэм я нэхъыбэр р уэлыпIэ дэсхэм гъуэгуэм зэрыщыгъэкIуэ хабзэр кьыззрызэпаудам кьыхэкIащ. Шоферхэр кьызэракIуэхьын хуей псынщIагъым зэрыщIрагъэгъуэм и зэранкIэ кьэхъуащ гъэгу насыпыншагъэ 32-рэ, абыхэм щыху 15 хэкIуэдащ, 44-м фэбжь ягъуэтащ.

ЛьэсырыкIуэхэм я зэранкIэ кьэхъуэ аварие 68-м щыху 21-рэ хэжьуэдащ, 51-м фэбжь хахащ.

Гъуэгуэм я щытыкIэр зэрымыщIагъуэм кьашэ насыпыншагъэхэри машIэкъым. Шхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр гъуэгум кумбхэр зэрилэрщ, тэмэму кьызэрамыгъэнэхурщ, гъуэгур и бгъуагъыу щытын хуейм кьызэримытIасэрщ, нэгъэущIэхэрщ.

А щхьэусыгъуэхэм я зэранкIэ кьэхъу аварие хэр ягъэмэщIэн папщIэ, КъБР-м щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм кьэщIыгъэныгъэ 1722-рэ щригъэкIуэкIащ автопредприятэхэм. КъыщIагъэща ныкъусаныгъэхэр гъэззкIуэжьыным теухуа зыхуэфащэ тхыль 723-рэ ираташ, административнэ жьауапым ирашэлIащ щыху 554-рэ. Ныкъусаныгъэхэр зиIэ автотранспорт мин 12-м щригъу къыщIагъэщащ, транспорт мини 7-м нэблагъэр гъуэгум техьэну хуит ящIыгъуэм.

Т транспорт дисциплинэр ирагъэфIэкIуэн, республикэм и гъэзугъэм къыщыхъу насыпыншагъэхэр ягъэмэщIэн, ныкъусаныгъэхэр кьыщIагъэщын мурадкIэ, республикэ милицэм и УГИБДД-м профилактикэ лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкIащ КъБР-м и Президентым и Аппаратым, КъБР-м и Парламентым, СМИ-м я лIыкIуэхэр, жылагъуэ Советым щыщэр хэту.

Зрилъэж лъэхъэнэм къриубыдэу УГИБДД-м лэжьыгъэ пIыхыкIэхэр ирегъэжьащ щIэпхъаджагъэхэмебэныным теухуауи. Ятха щIэпхъаджагъэ 238-м щыщу 108-р кьыщIагъэщащ къэрал автоинспекцэм хэту. Абы щыщу 9-р наркотикхэр хабзэншагъэкIэ зэрызэрагъакIуэм пыщIащ, нэгъэущIым и мылькум едгьгъуэу ятха щIэпхъаджагъэ 77-м щыщу 12, автотранспорт екъужьным, дыгъуным екъэлIауэ ялэжьа щIэпхъаджагъэ 59-м щыщи апхуэдизэ гъэзугъ кьащIащ.

Мазибгъу лэжьыгъэм зыхэнэмысыжьа кьалытэрэ, КъБР-м щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм 2008 гъэм и еплIанэ мазищым теухуа кьалэныщIэхэр яубзыхуащ.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ, *КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакIуэ.*

● Жэпуэгъуэм и 26-р Автомобиль транспортым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Гуп зэкъуэт

«Налшыкмежтранс» МУП-р илъэс 50-м щIигъуауэ цIыкIуэр шынагъэнэщу кьезыщэкI, республикэм и автотранспорт предприятэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ.

НОБЭ АБЫ зэщIегъэхьэ Къабэрдей-Балъкъэрым нэгъуэщI щIыналъэхэм хуиIэ транспорт зэпыщIэныгъэхэм я процент 90-м нэблагъэр. Предприятэм кьызэрегъэпэщ апхуэдэ маршрутэ 14-м, республикэ кIуэщым щыIэу 8-м я лэжьыгъэр. «Налшыкмежтранс» МУП-м и транспорткIэ джкъэ республикэщ. Урысей Ипщэм и щIыналъэ псоми. Апхуэдэщ Абхъаз, Адыгей, Дагъыстан, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэр, Астрахань, Волгоград, Ростов областхэр, Краснодар, Ставрополь крайхэр, нэгъуэщIхэри.

Дэ ди Іэщ ди техникэр кьызэхуэтыншэу щызэдгъэпэщыжь, я щытыкIэм дащыкIэлъыплъ, зыхуейм хэмIэ кьызэгъэпэща Іэнатlэ зэха. Предприятэр зэпIэзэрыту мэлажьэ, улахуэр и чэзум ядот, бюджет зэмылIэужьыныгъэхэмрэ абыхэм щымыщ фондхэмрэ я щIыхуэ ттельхьым.

КъБР-м и Правительствэр кьыддэIэпыкъуни, ар щыхэм къэтщэхуащ ПАЗ-3205 автобусым хуэдэу 6. Абы и фIыгъэкIэ республикэм щыдиIэ маршрутхэм транспорт Іуэхутыхэбзэхэр щедгъэфIэкIуащ, Шэрджэм, Шэрэдж ауэхэм щыпсэуэхэр нэсу арэзы тщIащ.

Экономикэ лъабжьэфI зэриIэм предприятэм зрегъэужь, зи Іэщ1агъэм кууэ хэзыщIыкI лэжьакIуэ Іэзэхэр хьума мэхъу, цIыкIуэр шынагъэнэщу кьеIэжьыну кьыдэдогъэпэщ. Ди гупышхуэр зэкъуэтщ, фIы дыдэу зэгуроIуэ, ижь жэуапIныгъэр зыхищIэу дэтхэнэри и Іэнатlэм пэрытщ. Нэхъ щIалэIуэхэм я дежкIэ дапщэщи щапхъэщ икIи абыхэм я щIэтIэкъэунщ цIыкIуэхэр кьешэжкIыныр кьызэгъэпэщыныкIэ си кьуэдзэ Пьеинщэ Анзор, автозлектрик Іэзэ, илъэс 35-рэ хьуауэ а зы Іэнатlэм пэрыт Унэлюкъуэ Мухьэмэд, автослесарь Іэщ1агъэм илъэс 26-рэ езыта Мамбэт Аргур, илъэс 28-м щIигъуауэ шоферу лажьэхэу Бекъуал Александр, Хьуромэ Назир, нэгъэущIхэри.

Ди лэжьыгъэр хьарзынэу зэрызэтеухуам и щIыхьтщ гъэ кьэс цIыкIэ мин 350-рэ кьызэрытхуешэжьымрэ хэхъуэу сом мелуан 70-м нэблагъэ кьызэрытIэрыхьэмрэ.

Мы Іэмалыр кьэзгъэзэбэпу автомобиль транспортым и лэжьакIуэхэм сохъуэхъу мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ я Іэнатlэм дяпэкIи ехьулIэныгъэфIэкIэ щалIэну, нобэ хуэдэ я махуэр узынышэу куэдрэ ягъэлъапIэну.

ДЖАТЭГЪЭЖЬ Владимир, *«Налшыкмежтранс» МУП-м и унафэщI.*

● КъБР-м и прокуратурэм

Прокуратурэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм кьыщипщытащ куэнщыбгъэмрэ унагъуэ кIэрыхьыжьрыхуэхэмрэ щрадзынымкIэ хабзэр гъэззащIа зэрыхьыр.

КъэпщытэныгъэмкIэ хэтащ республикэм Дыкъэзыухьурейихь дунейр хьуэмэнымрэ щыкъуэпсэхэр къэгъэсэбэпынымкIэ и министерствэм и инспекторэ.

Лубзыкуэ щыIэ 10762-рэ щыпсэу Зеикъуэ и къуажэкумрэ къуажэкIэмрэ куэншыб и дзыпIэхэу тIу зэрыщыIэр. Ахэр кьызэIуахащ езыхэм я куэншыбхэр зыми хуит имыщIауэ а щыпIэхэм щызыкIыт щыпхэм. Къуажэм километриблкIэ пхрокI Бахъсэн ГЭС-м екIуапIэ псы кIэнауэ зэIуахэр. Абы и туннельыр ХьэтIокъуащкIуэкI къуажэм и кIэм нос.

КIэнауэм и Іыхьэ зэIухам щеплъым, сэтеи ящащIащ абы метритхуэ фIэкIа пэмыжьыжьу икIи Зеикъуэ къуажэм хиубыдэу пластикхэм, абдж къутахуэхэм поліэтиленым, гъэ зэрыта банкI лIэужьыгъуэхэм ящыщ куэд зэрыщIахьфIадзар.

КIэнауэм и гъунэгъу дыдэу Набережнэ уэрамым кьыщагъуэтащ пыдзахуэ хэр псым щыхакIутэ щыпIэ.

А псоми кьэдэкIуэу, мыпхуэдэ хуэдэ кьуажэшхуэм кьыщызэрагъэпэщащкъым кIэрыхуобжьэрыхуэхэр зы хабзэ пыухыкIам тету дэшынкьр.

Къэпщытэныгъэм икIи иткIи, Зеикъуэ къуажэм и адміністрацэм и Іэтащхьэм абы мехитхуэ фIэкIа пэмыжьыжьу икIи Зеикъуэ къуажэм хиубыдэу пластикхэм, абдж къутахуэхэм поліэтиленым, гъэ зэрыта банкI лIэужьыгъуэхэм ящыщ куэд зэрыщIахьфIадзар.

Кенэуэм и гъунэгъу дыдэу Набережнэ уэрамым кьыщагъуэтащ пыдзахуэ хэр псым щыхакIутэ щыпIэ.

А псоми кьэдэкIуэу, мыпхуэдэ хуэдэ кьуажэшхуэм кьыщызэрагъэпэщащкъым кIэрыхуобжьэрыхуэхэр зы хабзэ пыухыкIам тету дэшынкьр.

Къэпщытэныгъэм икIи иткIи, Зеикъуэ къуажэм и адміністрацэм и Іэтащхьэм абы метритхуэ фIэкIа пэмыжьыжьу ятха щIэпхъаджагъэ 77-м щыщу 12, автотранспорт екъужьным, дыгъуным екъэлIауэ ялэжьа щIэпхъаджагъэ 59-м щыщи апхуэдизэ гъэзугъ кьащIащ.

Мазибгъу лэжьыгъэм зыхэнэмысыжьа кьалытэрэ, КъБР-м щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм 2008 гъэм и еплIанэ мазищым теухуа кьалэныщIэхэр яубзыхуащ.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ, *КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакIуэ.*

● Шэрэдж куей

Къуажэдэсхэм я лъэIур ягъэзэщIащ

Ауыщджэр къуажэм псы зрикIуэ бжьамий кхъахэхэр зэхъуэжьыныкIэ лэжьыгъэхэр и кIэм щынэблагъащ.

КъАРДЭН зэкъуэшхэм, Бэ дракъым я щIэхэр зезыхьэ уэрамхэм бжьамийуэ метр 350-м нэс щIэжь щыIэрахьэжьащ. Садовэ, Бицум и цIэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм хуэзэу метр 280-рэ я кIыхьагъ бжьамийщIэхэр щыкъуэдзащ. Абы кьыщежьэу псы хуабэрэ щыIэжкIэ нэсу кьызэрагъэпэщащ кьуажэ кIубымрэ сабий садымрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Лэскэн куей

Іэщыр тэмэму гъэ щIэкIын папщIэ

Іэщыр зэпэщу гъэ тетъэхьэным екъэлIауэ мы зэманым лэжьыгъэшхуэхэр щокIуэкI Лэскэн куейм и къуажэхэм.

РАЙОНым и мокъуэмэш предприятэхэм иджыпсту былыму 1240-м нэс яIэщ, абы щыщу 430-р жэм кьащщ. Іэщ лъэпкъыфIу 870-рэ яIэщ фермер хозяйствэхэм. Мыхэр бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм ЗыщIэтыну псэуальэхэм ремонт лэжьыгъэхэр и чэзум щрагъэжIуэкIащ: унащхьэхэр зэрахъуэкIащ, лъэгухэр щIэуэ кьращIыкIащ, Іэщ Іэльынныр гъунэжу яIэщ, Іэщым ирагъэшхыныкIи я Іуэху Іейкъым.

Мы зэманым гъущапIэхэм щIэлъу яIэщ мэкъуу тонни 150-рэ, хьэуазэу тонни 905-рэ, силосу тонни 5045-рэ, сенажу тонни 1125-рэ. КьымыдэкIэ, гуэдз, хьэ, нартыху зэхэхьэжауэ тонни 757-рэ ягъэхьэзыращ.

Лэскэн куейм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и ІуэхущапIэм Іэщ гъэхъунымкIэ и кьудамэм и унафэщI Деуноэж Хьэжьысмет щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, иджыпсту хозяйствэхэм щагъэтIылъащ Іэщ къэс тещIыхьауэ, Іусыпхъэ единицэу 25-рэ. Нартыхур Іуэхьжьын яухмэ, абы иджыри зачIэхъуэну я мурадщ.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэмкlэ Управленэмрэ я лэжьакIуэхэр **Батчаев Борис Камо и къуэм** хуогузавэ абы и къуэ **Арсен** ирагъуэ нэмысу дунейм зэрехьажьмэ къыхэкIыу.

● Футбол

«Шинник» (Ярославль) - «Спартак-Налшык» - 0:0

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм хэт командэхэм я щIалэгъуалэ гупхэм я зэпеуэм ипкъ иткIэ, дыгъуасэ Ярославль щекIуэкIа зэIущIэм апхуэдэ бжьыгъэ къырикIуащ.

Зэ Іущ1эр зэрекIуэкIам теуха тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Щалэгъуалэ зэпеуэ

● Дифі догъэлъапІэ

ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ адыгэлІ щыпкъэ Мырзэкъан Суфян 80

***Мы тхыгъэр зыхуэгъэпсар адыгэбзэкІэ кьыдэкІ ди газет закъуэр «Къэбэрдей пэжым» кьыщыщІидзэу «Адыгэ псальэм» къэсхуэ зэтезыгъэувахэм, зезыгъэужьахэм ящыщ зы Мырзэкъан Суфянщ. Суфян зэзэмызэ нэгъуэщІ кьалэн гуэрхэр игъэзэщІами, ильэс щэ ныкъуэкІэ ди газетым и редакцэм щылэжьащ икІи газетым и бзэм зегъэузэщІыным, зэрыщытру егъэфІакІуэным, зегъэІэтыным зэфІэкІыу бгъэдэлъыр ирихьэлІащ. Нобэ зи ныбжьыр ильэс 80 ирикъу Мырзэкъаныр газетым и тхьэмадэм и къуэдзэу ильэс 27-кІэ лэжьащ. Абы и ужькІи, пенсэм щыкІуэми, мытІысыжу редакцэм и ІэнатІэ нэхъ гугъуэхэм ящыщ зым - зэдзэкІакІуэ ІэнатІэм - пэрытащ.*

Дэ иджыри къытпэщылъщ

Суфянрэ и щхьэгъусэ Женярэ

СУФЯН дэрэ зэпэлэщІэ дыдэрыхьу щымыІэу ди гущІэ псор етхьащІ. Къуажэ зэрызым икІа ныбжьыщІитІыр Къэбэрдей пединститутым литературэмрэ бзэмкІэ и къудамэм дыщыдэхуэзэри, дызэде джащ. Суфян цІыху щэныфІэ т, егупыгъэ зыхэлъти, лекцэхэм кьыщыкІэрыху, щыдиутыпщыкІ кьэхъуртэкьым. Зачетхэр, экзаменк эр кьэса иужь, студент нэхъ емыгугъуэхэр зэхэзекэ хьурт. А зауэ нэужь лъэхъэнэм узэджэн тхылъ бгъуэтыртэкьым. Лекцэр умытхамэ, зэрыжаІэщи, Іэнэщыу губгъуэм укьинауэ арат. Абыхэм щыпсэу хэлъыпІэу ягъуэтыр Мырзэкъаныр и конспектхэрат Къарамытыжу щыфІагъэкІуэдкьэхьу тетми, Суфян япиубыдыфыртэкьым, и конспектхэр, яритырти, куэдым абыкІэ зачетхэр, эк заменхэр ятырт.

УмыгъэщІэгъуэну Іэмал иІэтэкъым Мырзэкъаныр жэщ корректору «Къэбэрдей пэжым» щылажьэ пэтми, зы лекцэ зэрыдимыутІыпщыкІыр, нэху щыху газетым щеджам дежи, лекцэм кьыкІэрымых уу кІуэр т.

- АфІэкІа фэстыныкъым си конспектхэр, - жяриІэрт зи зэманыр тыншу зыгъакІуэ студентхэм, - лекцэхэм фыщІэс, конспектхэр фтхы...

Аузэ а жиІам тетыфтэкьым, зыкъызэрыхуагъаз упщІэхэм я жэуапхэр жяриІэр т, ядэІэпыкъурт.

И эзчийм, и гурыхуагъым егъэджакІуэхэми гу кьыльатат.

- Уэ, Суфян, - кьыжриІащ абы, ди курсым зи нэІэ кьыпет егъэджакІуэ Къардэн Бубэ, - отделенитІри - урысыбзэри адыгэбзэри - зэуэ кьэбухьфынущ.

Мырзэкъаныр и кьалэныр щащІэ хъуащ: махуэм зы курсым и лекцэхэм кІуэмэ, жэщым газетым и корректормэ, иджы урысыбзэкІэ курсми щеджэн хуейщ. А Іуэху мытынышр щІалэм нэхъри гугъу щищІырт зауэ нэужьым щыІа гьаблэм.

Апхуэдизым кьалъахъэ пэтми, Мырзэкъаныр кьымыгъэтІасхъэу еджащ. Ари кьыдзэрыгуэкІыукьым - «тху» защІэкІэ. Икіи факультетитІри диплом плЬыжькІэ кьиухащ.

Арынышами республикэм кьемэщІэкІ ІэщІагъэлІхэр зауэм и ужькІэ щыхуЗэ хозяйствэр щыІэфІагъэувэжьм нэхъри яхуримыкъу хъуащ. Абы щыгъуэ диплом плЬыжькІэ еджапІэ нэхъыщхьэр къэзыуха Мырзэкъаныр «Къэбэрдей пэж» газетым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщІу яшащ.

Лэжьэн щІидзэ къудейуэ, «зиукъуэдиину» хунэмысу Дзэм кьулыкъу щищІэну ираджэ. Щыламахуэ уаем хуэзати, Бурятием щыІэ жыбгъэ кІэрахьуэри егъэжнэ ху, льэпэ зекІуэнкІи зегъэнщІыж. Щыіэ нэхъ зиІэхэу кьыхаха цІыху зыбгъупщІым ящыщу полк еджапІэм ягъакІуэ. Дэни хуэдэу, Суфян абыи фІыуэ зыкьыщигъэльэгъуащ - сержант цІэр иІэу кьеуэх. Абдежми кьыщыуэвыІэркъым. И хьэл-щэныр, и бзэшэчагъыр кьалъытэри, офицерхэр псынщІэу щагъэхьэзыр еджапІэм ягъакІуэ. Ар пщІэ кьыхуащІу кьеуэх, лейтенант цІэри кьыфІащ. Апхуэдизу, дэнэ щымыІами, сыт хуэдэ ІэнатІэ пэрыувами, фІыщІэрэ щытхъурэ иІэу ирихьэкІащ.

1954 гъэм и щымахуэм офицерым и «фыщэ» дамэтелъхэр кьытеЦІуукІыу и адэ-анэм кьахуоблэгъэж. Гугъуехьыр зи натІэ щалэм кьеэхьуэхьуну кьакІуэхэмрэ езыгъэблагъэ и Іыхьлыхэмрэ зэтемыу щыкІэ, Аруан районом ираджэри, тхылъ кьрат 1954 гъэм и иужьрей ильэс ныкъуэм Псыгуэнсу курыт еджапІэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ щригъаджэну.

ЕгъэджакІуэ щалэщІэр фІыуэ яльэгъуа кьудейуэ, Мырзэкъаныр и кьуажэгъуэхэр кьыщоупщІэ, завучу кьыхэгъэгъкІуэж жаІэри, кьыщІольэу.

- УэдэдгъакІуэр ІэнатІэ тыншкъым. Ауэ уи щІэныгъэкІэ Іуэхум уохьулІэри, уи зэфІэкІ епхьэлІэу, уи кьуажэ еджапІэм зыкъебгъэІэтыжьну дыпщогугъ. Гъуэгу махуэ!

Мырзэкъаным ищІэрт ІэнатІэ хуащІар зыхуэдэр. Ар завучу ядэлэжьэн хуейт езыр езыгъэджахэм. Ауэ ар гугъуэхьым кьыпикІуэттэкьым. Махуэ псор еджапІэм щигъакІуэу, зэрыригъэджэну планхэм кІэльыпльу, яхуэзэригъэзэхуэжу, иунэтІу псалъэ гуапэхэр жяриІэу яхэтщ.

- Иджыщ дэ завучым и лэжьыгъэр щызыкъэтщІар.

- Ябыгъуэр Алыхым кьыпхуищІэ, - кьыжриІащ директорым.

КІэщІу жьыпІэмэ, кьыІэтеувыІа Іуэхум жьыджэрагъ игъуэтыжу иуехьащ, гъуэгу тэмэм езыгъэлъагъун егъэджакІуэхэм яхьихьащ.

ЕгъэджакІуэхэм я район зэІущІэм обкомым и лэжьакІуэ хэтати, абы и тхьэмадэм хуиІуэтэжащ завучу Дохьушкьуей курыт еджапІэм щыІэ щІалэщІэ гуэр икъукІэ губзыгъэ у а зэІущІэм кьыІэрыщыпсэльар, ар щІэ куэдым я щхьэфэ зэрыщІэбар.

Арати, Мырзэкъаныр партым и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкІэ и отделым щылэжьэну ирагъэблагъэ, гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ инструктору ягъэув.

Фыр псынщІэу дэни нос. Суфян еджапІэ нэхъыщхьэм кьыдыщІэса Къардэн Чэлимэт а зэманым «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и тхьэмадэт. Суфян ежьа Іащытхъуэхэр щыІэхихьм, тредзэри, ар обкомым пропагандэмрэ агитацэмкІэ и отделым кІуащ.

- Уа, Борис, - зыхуигъэзащІ отделым и Іэтащхьэ Дол Батырбий, - гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я лъабжьэр сыт? Тхылъ хэракъэ?! Атіэ, тхылъ тедзапІэм и Іуэхур гъэтэмэныным, сабийхэр зэрырагъэджэну, зэрагъэсэну тхылъхэр тэмэму кьыдэгъэкІыным япэ ибгъэщ хъунур сыт? АбыкІэ Мырзэкъаныр Іуэхугъуэшхуэ тхуэзэфІитгъэкІыфынущ, си деж редактор нэхъыщхьэу нэвгъакІуэмэ.

Ар 1955 гъэрт. Суфян пэрыуващ а ІэнатІэ мытынышм: сабийхэр зэрырагъаджэ, зэрагъэсэ тхылъхэр мардэм тету кьыдэгъэкІыным. Ауэ абы ильэситІ нэхъыбэ эщыгъэІэжьакъым. Тхылъ тедзапІэм и Іэтащхьэри редактор нэхъыщхьэри адыгэу щыпынкІи кьемызэгъыу кьалыпІэри, инструктору здэщыІа партым и обкомым яшэжащ.

Адэжь зи чэзур «Ленин гъуэгурт» (иджы адыгэ газетым апхуэдэу еджэрт). Газетым и бзэр уэзщІын, и купщІэр егъэфІэкІуэн хуейт. Абы и щІэдзапІэр газе тыр зыщІхэм а лэжьыгъэм нэхъ хуэІэзэхэр яхэгъэхьэнырт. АдыгэбзэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэу а зэманым щыІахэр зы курс закъуэм кьыщІэкІа цІыху тІощІ хуэдизырт. Абыхэм нэхъ у зыщыгугъ хъуну яхэтхэм ящыщт, ящІэ дыдэ иту жумыІэнумэ, Суфян. Икіи ар кьыхахаш газетым и тхьэмадэм и кьудэдзэу «Ленин гъуэгум» игъэкІуэну.

1962 гъэм, ильэс 34-м иту, а кьалэн мытынышм пэро увэ Суфян. Абдеж щегъэжьауэ Мырзэкъаныр редакцэм и редактор нэхъыщхьэм и кьудэдзэу кьекІуэкІащ.

Редактор нэхъыщхьэр, кьалэн зэмылІэужьыгъуэхэр и пщэ кьыдальхьэурэ, и щхьэкІэ кьытет унафэщІхэм куэдрэ редакцэм щхьэщачыртри, лэжьыгъэ псори кьудзэзэм кьыхэнэрт. РедакцІэ лэжьыгъэм щыгъуаззэхэм ящІэ а кьалэнхэм я куэдагъри, я жэуаплныгъэри. Сэ сщІэжыркъым апхуэдэ зэманхэм Мырзэкъаныр кьэлэнджакуэ, ныкъусаныитІыхьауэ щыта Залинэ цІыкІур иджы унагъуэ ихьэри игуфІэгъуэ дауэдапщэхэр дахащ.

Суфян и пхъум, Мадинэ, курыт еджапІэр дыщэ медалкІэ, университетым и экономикэ кьудамэр диплом «плЬыжькІэ» кьиухащ. Кьунащхэ я нысэщ. Абыр Артурр я щІалэ Москва экономикэм ехьэлІа академием и еплІанэ курсым щоджэ. Я нэхъыщІэ Аидэ курыт еджапІэр мы гъэм кьиухынущ.

Суфянрэ Женярэ апхуэдэ «къуэж» дахэхэр яІэщ, езыхэм ещхьу, щІалэхэмрэ хьыджбзэхэмрэ я хьэл-щэнкІэ, я еджэкІэкІэ, я лэжьэкІэкІэ зыхэтхэм кьаухэщу мэпсэу, дадэмрэ нанэмрэ жыЩІэхьэ махуэу зыкърагъэльытэж.

НэгъуэщІ зы Іуэхуми и гугъу сымыщІу кьэзгъэнащ. Ильэс тІощІ и пэкІэ Мырзэкъаныр пенсэ кІуащ. Ауэ ар тІысыжакъым. Дэ, ди газетыр дыпхуейщ, зэдзэкІакІуэу утхуэлэжьамэ, хьунт, - къыщІыжраІэм, ар и щхьэм иримыпэсу е кьехьэльэкІыу закъыфІимыгъэщІу, арэзы хъури, нобэм къэсхуу а ІэнатІэр ирихьэкІащ.

Суфян а лэжьыгъэми пасэу икъукІэ хуэІэкІуэльакІуэ хьуат. Зэман щыІащ партым и пленумхэм, съездхэм, нэгъуэщІ зэлущІэшхуэхэм щащІ докладхэр напэкІуэцІ 14-20-м нэсу кьыдэкІауэ нэху кьегъэкІын хуейуэ. ЗэдзэкІакІуэм и лэжьыгъэм щыгъуазэм фІэкІа абы и хьэльагъыр, жэуаплныгъэр нэгъуэщІхэм ящІэркъым. Ахэр кьыщыдагъэкІкІэ, адрей ящІхэми кьеджэжьну кьыпэщыт пэтми, абыхэм зэрадзэкІым хуэдизу дыдэ езыми и Іэдакъэ кьыщІэкІырт. Апхуэдэу зэдзэкІакІуэхэм я лэжьыгъэр зэрадгъэпсынщІам мы гъэзэжьащ зихуэдэ щымыІэ зэдзэкІакІуэ ящІащ.

Ильэс хьыщІкІэ дагъуэ кьыхуамыщІу лэжьыгъэ хьэльэ езыхьэкІа Мырзэкъан Суфян и гуащІэм хуэфэщэн пщІэ кьыхуащІащ. Мырзэкъаныр иджыри студент щыкІэ гуащІэрыпсэухэм я Налшык кьалэ Советым и депутату хахауэ щытащ. Абы и ужькІи Суфян кьалэм, абы и районхэм ящІщ зым и Советым и депутату хэхэгъуэ эльПщкІэ щытащ.

Къэралым зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІым папщІэ абы тІэунейрэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Щыхь тхылъыр кьыхуагъэфэщащ. Ленин В.И. и фэепль медальр кьаратащ. Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэцІэ льапІэхэр кьыфІащащ.

Мы гъэм Суфян гуфІэгъэуІущ хуэзэтрихьащ: япэрауэ, абы и ныбжьыр ныбэ илъэс пщІей ирокъу, лэжьэн зэрыщІидзэрэ ильэс хыщІ хуэунущ, нэхъыщхьэращи, Суфянрэ Женярэ пІэщхьагъ зэрызэращылІэрэ ильэс щэ ныкъуэ мэхъу. Дыщэ унэишэр зэхэтынущ.

Дэ тІур «зы гъэшхэщ» жьхуаІэм дыхуэдэщ. Ауэ сэ тІэиІу сынэхьыжащ. Сэращ япэу ильэсищІкІэ зэджэ Іуащхьэм «дэкІын» хуейр. Аращи, си ныбжьэгъужь, сэ а щыгум сыкъыщюжьэнущ, зыкъыскІэрымыгъэхъу, зэ иджыри гъуэгу кьыптпэщылъщ!

БЕКЪАН Чыланий.

Сэмэгумкіэ кьыщыщІэдзауэ щыхэр: **Сэхъу Къэрэщей, Шыхьтэ, Мырзэкъан Суфян, Журт Тыгуэн;** *щытх эр -* **Апажэ Назир, Тыхъужь Зэмахь, Махуэ Іэлисэхь** *1959 гъэ*

● ЩІэныгъэлІым и псалъэ

Бзэм и Іэфіыр зыхозыгъащІэ

ЯПЭУ щІэныгъэм ухэзыша егъэджакІуэр игъащІэкІэ унугу кьонэж, апхуэдэщ зэкьэжьэ уэзыгъэщІа гъэсакІуэри. ЕгъэджакІуэм уи щхьэкІэ сэбэп кьыпхуэжьыжьнухэр уегъащІэ, етІуанэм уэ езым уи сэбэп щыхухэм ебгъэкІыфу ухуегъасэ. А кьалэнкІэ нэхъ инитьапІи мэхъу узыпэрыт ІэнатІэр льэпкъ Іуэхум и ныбжьыр щыщІыпІ деж. Апхуэдэ ІэнатІэщ «Адыгэ псалъэ» газетыр, апхуэдэ гъэсакІуэщ «адыгэпсэ зэрахитьхьэмкІэ». Адыгэбзэм и кьаруР, и купщІэр, и Іэфіыр щыхьэщІэ абы и дэтхэнэ гъэжьыгъэми. Льэпкъыбзэм и газетжурнал хьэтІыр зыубзыхуаэм ящыщ зыщ Мырзэкъаныр, абыкІэ и фІыщІэри инщ.

Дэрэ бзэм дыхуэсакъыу дигъэсащ абы. Кьымугъэсэбэп Іэмэпсымэр мэутьий, ихьын хуей хьэльэр зыщхьэщыпхри йонІакІуэ. Бзэм зижьынымкІэ, и кьару псомкІэ гъэлэжьэнымкІэ ар зыІурыльэ дэтхэнэми жэуапльныгъэ ди пщэм кьыдохуэ. Абы хуэзфІэкІ хуэзымыщІэр зи бзэ Іурыльым епщІыжу аращ. Суфян и апхуэдэ дерсхэм кьыщІэмыгъэджыкІа яхэтхьым кьызыхэкІа льэпкъым гурэ псэкІэ нобэ хуэлажьэжи.

Ди гъэсакІуэ Іуущым, лэжьакІуэ емызэщІыжым и махуэ льапІэмкІэ ехьэхъэу и гъэсэн куэдым сэри сащыщщи, си гуапэщ ди кьру пашэр щІэхъуэхъуэнрэ зжъуэкъунрэ ибзу ильэс ІэджжкІэ иджыри дяпэ итыну.

ТІЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУИ-м адыгэ филологиемкІэ и къудамэм и унафэщІ.

Акъыл жан

1975 ГЪЭМ «Адыгэ псалъэм» (абы щыгъуэм «Ленин гъуэгут») лэжьакІуэ сыкъыщыкІуам сэ, зэрыжаІэщи, гуп дыгъэл сыкъыхэхъутат. Егъэлеиныгъэ гуэр хэмылъу жысІэнщи, псори зи хьэлІкІи хабзэкІи удэзыхьэх щыхух эт. Рес-публикэм пщІэшхуэ зыщыхуащІх эт. Дэтхэнэми езым и гупсысэкІи и хьэтІи иІэжт. Ауэ абыхэм я ныбжьыр зи гуащІэр ин Мырзэкъан Суфян. Ар щыжьыСІэри редакторым и кьуэдзэу икІи фІэлІыкІыщхуэ зиІэ щыхуу зэрыщытаракъым, атІэ сыт хуэдэ лэжьыгъэр щхьэх имыщІэу Сэ жьыСІэфынущ ди газетым си льэр быдэу щыуВыныжьмкІэ а нэхъыжьыфІыр хуабжьу кьыздэІэпыкъуаУэ. Икіи апхуэдэу кьэувыфынырр ауэ жыжьэуи си закъуэкъым.

Хуабжьу ди гуапэщ а щыхУ щыпкъэр, гумызагъэр, акьыл жан зиІэр зэрыУзыпшэр, и унагъуэ хьарзынэр и дэрэжьгъуэу зэрыпсэуР. Тхьэм дяпэ куэдрэ иригъэт!

ШАЛ Мухьэмэд.

Мырзэкъан зэщхьэгъусэхэу Суфянрэ Женярэ я бынхэмрэ я къуэрылІху-пхъурылІ хуэхэмрэ я гъусэу. *2007 гъэ*

Сыт щыгъуи зы хьэлым тет цІыху

НОБЭ зи махуэшхуэр зыгъэлъапІэ ди нэхьыжьыфІ Мырзэкъан Суфян псалъэ гуапэкІэ зыхуэзыгъэзэну хуэмыІэ «Адыгэ псалъэм» зэгуэр щылэжьахэми мы зэманым ІэнатІэр щезыхьэкІхэми яхэту си фІэщ хъуркъым. Псалъалэу щымыт, сыт щыгъуи пэжым, захуагъэм я тельхъэ, пщІэ зыхуащІ лэжьакІуэ емызэщыжущ сэ ар зэрысцІыхур. ФІыуэ кьыбдильагъур кьыбжезыІэ, уи ныкъуэ саныгъэхэм гум емыжалІэу гу лъозыгъэтэж, сыт щыгъуи зы хьэлым тет цІыху зэпІэзэрытщ.

Балигъ гъащІэм ухэувэу япэу узыхьха лэжьакІуэ гупыр кьызэрыпІущІэм куэдельытащ. Нобэ си лэжьыгъэм екъуІЕнэныгъэ гуэр щызиІэмэ, кьуэдкІэ я фІыщІэщ курыт еджапІэ ныкъэм сызыхэхуауэ щыта «Ленин гъуэгу» газетым и гупым. Зэкъуэту я лэжьыгъэр зэрыдагъэкІым хуэдэу, зэрыЩІыгъу, гушыІэ дахэ яхэльу, нэмысрэ пщІэрэ яку дэлъу къэгъуэгурыкІуэ, зи щІалэгъуэр зыгъэгъащхуэ нэхьыжьхэм я ущиж куэдыр щхьэпэ кьыскъуэхъуащ. Псом хуэмыдэу Суфян хэхаэу пщІелей, нэмыс хузощІ, куэдрэ кьысщхьэщыжащ, фІым сыхуиунэтІащи. УнафэщІми, кьыЗэрыгуэкІ лэжьакІуэми, зи щІалэгъуэми, цІыхубзми хуэфащэ пщІэ яхуищІу гупым кьыпхэт нэхьыжьыр щапхьэгъэльагъуэщ. Мис апхуэдэщ Мырзэкъан Суфян.

И лэжьыгъэкІи пщІэ зыхуащІ, хабзэрэ нэмысрэ щызекІуэ унагъуэ дахэкІи Тхьэр зыхуэуПса ди нэхьыжьыфІ Суфян нобэ хужаІэну хьуэхьу хьэлэмэтхэм, гуапэхэм ядыщІыкІэгъуэ сыхуейт мы псалъэхэр: сызыпэрыт лэжьыгъэм, си Іэщ Іагъэм хэзгъэхъуэныкІэ, хуэІэижь сыхъунымкІэ сытым дежи си щІэгъэкъуэну, си егъэджакІуэу кьэсІыпІэ нэхьыжьыфІым уи узыншагъэр мыкІуэщІу, дунейм и Іэфіыгъэр зыхэпщІэу, унагъуэ жьэтум уритхьэмадэ Іумахуэу Тхьэм куэдрэ уигъэпсэу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Фэ фщIэрэ?

Нартыхур къыздикIар

ЩIЭНЫГЪЭЛIЭМ кьыззрахутамкIэ, нартыхур кьызытехъукIыжа къэкIыгъэ лIэужьыгъуэр дунейм тетыжкIым. Ауэ 1954 гъэм Мехикэ кьалэхум деж щы щIагъыр щыщIатыкIрэ пэт, ме тр 63-70 зи куугъым бгъ эзнщIагъ гъэрым деж кьыщагъуэтащ нартыху гъашэм кьыпылъэпльа шэжьигъэ. Аэхр микроскопкIэ зэпапльхьри, ягъэнэхуащ иджырей нартыху щэжьыгъэм зэрещIыхьр. Радиоактив Iэмалмкlэ кьапщытэрри, ягъэуващ ильэс мин 60 зэриныбжьыр. Шэч хэлькъым а шэжьыгъэхэр езыр-езыру кьэкIыу щыта нартыхум зэреям, сыту жьпIэмэ, Америкэ континентым а лъэхъэнэхэм иджыри цIыхур итIысхьатэкъым.

Мексикэм щыIэ бгъуэнщIагъ гъэрым 1948 гъэм кьыщагъэтащ цIыхум кьыпэжьIу щыта нартыхум и пкъыгъэхэу метриттI кууагъкIэ щIым щIэльхэр. Аха́р а бгъуэнщIагъым - пасэрей цIыхухэм я псэупIэу, нартыху гъэтIылъыпIэ у щытам - кьыщыхутэ ирэ екIуэкIащ ильэс минищым кьриубыдэу, и кьежьапIэу щытар ильэси 4,5-м нос. Абы нэмыщIкIи, Мехикэ пэгъунэгъуэ псыхъуэр кьыщатIым, щы щIагъым кьыщагъэтащ цIыхум кьигъэкIыу щыта нартыхум и шэжьигъэ, ильэс мини 7-м нэс и ныб жьыу.

Карриб т енджкъым щыIэ хьтIыгуэр (Гаити, Кубэ, н. кь.) 1492 гъэм къэзыхута Колумб кIэщIу тетхьихьауэ щытащ абы щыпсэу цIыхухэм нартыхур кьызэрагъэкI щыкIэм. Ауэ ятIонэрэ дыдэ нартыху жьылэр Испаниием щынахьэсар Колумб етIуанэу Америкэм кIуэуэ 1496 гъэм кьыщигъэзэжащ. Абы иужькIэ кьыдагъэкIащ нартыхум и тепсэльыхь брошюрэ щыкIу.

Тхыдэм кьызэригъэпльагъу эмкIэ, 1530 - 1550 гъэхэм нартыхур Хьшхуэ Iэгъуэблагъэмрэ (Средиземноморье) хы ФыцIэ Iэгъуэблагъэмрэ щыпсэу лъэпкъхэм кьанэ щымыIэу яIэрыхьауэ щытащ. Кавказым и хы ФыцIэ Iуфэм Iус лъэпкъхэу нартыхур псом ятIонэрэ щыщу кьалытэ абхъазхэмрэ адыгэ зкомрэ. Т хыдэ тхыгъэжьхэм ку эдрэ ущыхуозэ зэгъ - нэгъуу, зэбгъэ эдрэ псэу мы лъэпкьитIым нартыхур ижь лъандэрэ кьызэрагъэкIым.

Пасэрей адыгэхэу хур куэду кьэзыгъэкIыу щытахэм нартыхур кьаэзрыIэрыхьэу псынщIэу яфIэкьабыл хьауад. Сыту жьпIэмэ, ятIонэрэ, кьызэрыщIэкIамкIэ, хум кьыхащIыкIыу щыт а шхынигъуэ псори нар тыхум кьыхэпщIыкIыфырт. ЕтIуанэу, нартыхум и бэвагъыр хум ейм нэхьрэ куэдкIэ нэхь инт, щыпIэм фIы дыдэу езэгъырт. Ещанэу, нартыхур уе лэжьынкIэ, Iупхыжьынкlэ, зерыхэнкIэ к уждеIэ нэхь псынщIагъ уэт. Хум хуэдэу бгъэкьэбзэн, бужьгъэн, бгун хуеитIкъым. ЕплIанэу, нартыхур а зы щIапIэм ильэс бжьыгъкIэ тепсэми, и бэвагъым кIэрич тэкъым, уэхэр кьеуалIэрт экъым. Етху анэу, нартыхуэ жэпкьыр мэкъум кьыкIэрымыхуэ у Iэщым ящхьрт. А псор кьэпльытэмэ, щIыр зи мащIэ адыгэ мэкъумэщIыщIэхэм я дежкIэ нар тыхур уэзыблэкI мыхъун гъавэу, мэкъумылэу кьыщIэкIащ.

ГурыIуэгъуэщI адыгэхэ я а кьэжьыгъэм нартыхуу щыIофащэри. Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм кьадокIуэкI мыпхуэдэ хабзэ: лъэпкъым щытыкIэфIу хэтыыр нар тхэм х уахьу, ирагъапIщэу. Нар тыху фIэщыгъэщIэри а хабзэм тету къэхъуауэ кьэлыытапхъщ. А фIэщыгъэщIэр гъавэхэкI угъурлым хуэфащэ дыдэт. Едмыгъэпёнуэ жьытIэнщи, лъэпкъым я псалъэм философие, социальнэ куп щIэ лъэщ хитIыкьащ. Хьэуэ, нартыхур нартхэм я хууэ щытакъым, атIэ и кьэуаткIэ, и бэвагъкIэ нартхэм хуагъэфащэ кьэкIыгъэт,

Адыгэхэм нартыхур кьуэ кIуэцIкэми, тафэхэми, уеблэмэ, ме тр 1000 - 1200-рэ зи лъагагъ щIыпIэхэми кьыщагъэкIырт, бэв уи кьайхьуIэт. Дауи, ар зи фIыщIэр щыгум елъэкьэмрэ нартыху лъэпкьыфIхэмрэ. Иужьрейхэр зыб жанэ хъурт, нэ хь зэ ззэгъ щIыгу ельытакIэ.

«Мылькум efIэкI хьугъуэфIыгъуэ» тхьылым кьытхэжащ.

● Щапхъэ

Нэмысыр хэкум щывгъабзэ

Аджийхэ Эльдаррэ абы и шыпхъу Дисанэрэ яхуэотх

Си гъащIэм и кьуэпс, си фIыгъуэ,
Си нэгур схуэзыгъэгуфIэ,
СыщIопльэ уи нэ щIыкIунтIым,
Си дуней нэхуу си дыгъэ.

Ухуэдэщ уэ лIы хьэзырым,
Губзыгъэу ухьызопсалъэ.
УкьытотIысхьэ си куэпкъым,
Кьызыбошэжьыр уэ Iэплъэ.

Адэшхуэ тыгъэу уи фащэр
КьыпщолыдыкIыр уэ щIыкIум,
ЗыбгъэкIэрахьуэу укьофэ
Пшынэр бзэрабзэу зэхэпхым.

Щхьэцыгъуэ дахэр щIиупскIэу
Уи шыпхъ у Дисанэ кьыбдофэ.
Унагъуэ есым я псатхьэ,
Уэращ нэхъыжьыр фи лъапсэм.

Тхьэм фигъэгуфIэ гъэ куэдкIэ,
ЩIэныгъэ кьабзэр фи гъуазэу,
Тхьэм фигъэпсэуэ лIэщIыгъ уэкIэ,
Нэмысыр х эмум щывгъабзэ у.

БЭРБЭЧ Хьэсэн.

Красноярск икIыу Осетие Ипщэм

● Гъуазджэ

Жэпуэгъуэм и 21-м Цхинвал и лъэпкъ музейм тыгъэ хуащIащ кIилографиемкIэ Красноярск щыIэ студием и сурэтыщIхэм я Iэдакъэщ Iэкl лжьыгъуэ 40.

Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI, Художествэхэмкl Урысей академием и член-корреспондент, ЩIДАА-м и академик, профессор Пащты Герман Урысейм и МЧС-м и Ипщэ хэгъуэгу центрым и Пащты Герман Урысейм и МЧС-м Кьэбэрдей-Балъкъэрым щIэ кьудамэрэ и дэIепыкьэгъуэу кьыззригъэпэща зэIуцIэр Осетие Ипщэ Республикэм и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ. Урысейм и МЧС-м и Ипщэ хэгъуэгу центрым и унафэщI Пленников Виталийрэ сурэтыщI Пащты Германрэ ирагъэблэгъащ Осетие Ипщэ Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ Бедоевэ Элеоноорэ щэнхабзэмкIэ министрым и къуэдзэ Джейрановэ Джульеттэрэ.

Красноярск сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр Осетие Ипщэм тыгъэ зэрызэхуащIынур нэхъапэкIэ щыжаIат фокIадэ мазэм КьБКъУ-м и гъэлъэгъуапIэ пэшым абыхэм я Iэдакъэщ Iэкl Iэр утыку кьыщрахьам.

Гравюрэхэр щаритым, Пащтыр Осетие Ипщэм и Правительствэм и лIыкIуэхэм ехьэхъуащ я хабзэ дахэхэр кьаIэтыжьну, щэнхабзэ кьулейр кьагъэщIэрэщIэжьну зэман гъунэгъуэм Iмал ягъэ-тыну икIи я сурэтыщIхэм яIа пщIэ лъагэм адэкIи кьыпащэну. Апхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ а республикэм япэу щекIуэкIауэ аращ икIи Пленников Виталий зэрыжиIамкIэ, Сыбырым и сурэтыщIхэм яна лъэбакъуэр Осетие Ипщэм и цIыхухэм я псэкупсэ кьуеяргъэр кьэгъэщIэрэщIэжьным хуэунэтIащ.

Цхинвал и музейм тыгъэ хуащIа лэжьыгъэхэм я гугъу ппIыкIамэ, кьыхэгъэщIыхьэщ абыхэм Художествэхэмкl Урысей Академием и дипломхэмрэ медалхэмрэ зыхуагъэфэща, апхуэдэуи дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм дамыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщызыхьа куэд эрахэтыр.

ДАВЫДОВ Къантемыр,
УФ-м и МЧС-м КьБР-м щIэ кьудамэм и пресс-Iуэхущ Iапl эм и унафэщI.

● ЦыхухэзыгъэкIэм я гупсысэхэр

Узыхуейр убзыхуауэ щымытмэ

Ди щыщIэныгъэ нэхъыщхьэр Iуэхум и ужь дихьэн нэхърэ нэхъыбзэрэ дытепсэльыхьын зэрытфIэфырщ.

Неру Джавахарлал,
Индием и политикэ, къэрал лэжьакIуэ.

Iуэхур гупсысэм щхьэкIэ кьиитащIауэ аракъым, атIэ гупсысэрщ Iуэхум кьыхуигъэщIар.

Вольтер Франсуа,
франджы тхакIуэ, философ, тхыдэдж.

Псалъэр Iуэху пщIынкIэ куэдкIэ нэхъ гуГъущ Iуэхур псалъэ пщIын нэхърэ.

Горький Максим,
урыс тхакIуэ.

Щхьэхынэхэм сытым дежи зыгуэр ящIэну хуеящ.

Вовенарг Люк,
франджы тхакIуэ.

Сыт хуэдэ Iуэхури тэмэму пхуэщIэнукъым, кьрикIуэну узыхуейр убзыхуауэ щымытмэ.

Макаренкэ Антон,
урыс педагог.

Зыхуэбгъэувыжа мурадыр зэбгъэ хьуIэн папщIэ, щIэныгъэм и мызакъуэу Iуэхум и зэфIэхыкIэрэ пщIэн хуейщ.

Бомарше Пьер,
франджы драматург.

Литературэм и зыужьныгъэм топсэлъыхь

● КъБКъУ-м кратхыкI

Иджыблагъэ КьБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэм и магистратурэм щекIуэкIащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Бакъ Зеф къыззригъэпэща зэIуцIэ гъэщIэгъуэн. Студентхэм яIущIащ адыгэ тхакIуэ щIэрыIуэ, критик Нало Заур. Аха́р тепсэлъыхьащ кьэбэрдей литературоведенэм и зыужьныкIэм.

ЗЭIУЩIЭМ лъабжьэ хуэхъуащ Нало Заур «Iуащхьэмахуэ» журналым кьытрыригъэдза «Ди литературэм и псынэр дэнэ деж кьыщежьар?» тхыгъэр. Гупсысэ гъэщIэгъэн куэд, студентхэм кьахуэщхьэпэн Iуэху епльыкIэхэр кьыщыIэтэ статьям и гугъу ящIкIэр, нэхъыжькьыфIымрэ ныбжьыщIэхэмрэ Iуэхуэгъуэ зыбжанэм тепсэльыхьащ, апхуэдэуи литературэмрэ Iуэрыlуатэмрэ зэрызэщхьэщыкIым, нэгъуэщIхэми кьытеувыIахэщ.

Дагъэкlэ зэхэщIа лэчыр пхъэм е пхъэхэкIым кьыхэщIыкIа унэльащIэм теткIуэрэ кIэрыпамэ, зы скипидар ткIуэпсым нашатыр спирт ткIуэпситI хыбокIэ, фIыIуэ зэхьбоГъэзэрыхьри, лэчыр здытеткIуам деж щыбохуэ. Дакъикъэ зыбжанэ дэбгъэкIрэ пльэщIыжмэ - лэч кIэрыльаи - кIэрымылъаи.

* * *

Iупэлэ щыгъыным нэсамэ, ар бензинкIэ ирагъэкIыж.

* * *

Ету щIтырыр щыгъыным мащIэу епхъуамэ, ар хыумылъагъуКI ещI зэхуэдэ Iыхьэу серчэрэ псырэ зэхэпщIэрэ пльэщIмэ.

● Чэнджэщхэр

Щыгъыным бжьыгъэ инамэ...

* * *

Алэрыбгъум шакъэ теткIуамэ, а щIыпIэм деж щыгъу тевгъэщащи, абы шакъэр кьыхишыжыныщ.

* * *

Щыгъыным шэ нагъэсрэ бжьыгъэ ищIамэ, ар сыхьэт зы-тIукIэ псы щIыIэм хагъэлъри, итIанэ псы хуабэкIэ яжьыщIыж.

* * *

ЩIыгъыным лэч теткIуамэ, скипидаркIэ ирагъэкI.

* * *

● Гушыlэ

Хэт си шейр изыфар?

ТхьэкIумэкIыхьыр шхапIэм щIыхьэщ, шей стэканрэ зы булькIэрэ кьищтэщ стIолым тригъэувэри, и Iэр итхьэщIыну IукIащ, кьигъэзэжмэ, шейр итыжтэкъым.

- Хэт си шейр изыфар? - зыхуигъэзащ абы и гъунэгъуу кьыщыт стIолым щхэуэ бгъэдэс кIэпхьэхэм. Зыми зыри жаIэркъым.

- Нужь щыдэу сынывоущIу, хэт, жьэIоэ, си шейр изыфар? - зригъэIэтащ тхьэкIумэкIыхьым и макъым.

КIэпхьэм я щыбгъыкIэ мыщIэр кьыщотэдж:

- Сэращ. ЩхьэущIэупщIэрэт?

- Мы булькIэр дэпшхамэ, нэхъ зыгуэр кьыпхуищIэнт жьыIэнурат, - жиIащ и макъыр кIэзызу тхьэкIумэкIыхьым.

Насыпи Iэт

Кьуаргъым и мыIуэху зэрихуэу, псоми яхэпсэлъыхьу, псынщIэу кьызэдилъэтыхьым жьыгейм щхьэкIэ еуэри кьехуэхащ.

- Насыпыжьыр иIэти щхьэкуцIыншэщ, - жиIащ жьындум, - армыхьумэ и щхьэр хъеятэкъэ.

Уо шы, упсэу?

ПшагъуэщI, щыжьбанэр щыхупIэм щхьэщыщ маджэри:

- Дыгъужь. Сызэхэпхрэ, Дыгъужь?

Абы и гъунэгъуу зы шыжь мэхъуакIуэри мэгъумэтIымэ:

- Уи жьэр убыд, армыхьумэ, сыноуэнщи, щыхупIэм урезгъэхьэхынщ.

АбыжиIэм емыдаIуэу щыжьбанэр аргуэру маджэ:

- Дыгъужь, упсэу, Дыгъужь!

Шыжьыр кьыщIопхъуэри щыжьбанэм щеуэкIэ, модрейм зыщIедзри, шыжьыр щыхупIэм йохуэх.

Цыжьбанэр аргуэру щыхупIэм щхьэщысщ:

- Шы, уо шы, упсэу? - жиIэу джэуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Байсултанов Алим и цIэкIэ

Жэпуэгъуэм и 26-м сыхьэт 11-м Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыIэ республикэ картодромым щекIуэкIынущ Яныкъуей щыщ, Совет Союзым и Пилотхэм я Iэпыкьуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и технологиэ щIащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, Щакlуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*:** 1. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. 3. Прохладнэ куейм щыIэ хуэжьэ. 6. Иджыблагъэ къэрал щхьэхуит хьуэ республикэ. 11. Къаруушхуэ иIуэ къауэ Iэщэ. 12. Гуаузэшхуэм, кIуэдыкIей хьуам теухуауэ яус уэрэд. 13 Кьашыргъэр, Ашуровыр, Исаковыр зэгъусэу пшынальэхэм щеуэкIэ зэрреджэу щытар. 15. Фо зыщI. 17 Дагъыстаным щыпсэу лъэпкъ. 19. Ипхъу нэхъыщIэ Гуащэнэ (Марие) урыс пащтыкъ Грозный Иван щхьэгъусэу езыта, Къэбэрдейр Урысеим гуэзыгъэхьа адыгэ пщы уIэ. 20. Налшык кьыхэтIыкIыжьу и зы хьэблэ хьуа къуажэ. 21. «ЩIыхь» орденым и нагъыщIагъи зрата адыгэгI. 26. Псыр кьыззмэщIкI, зыщIэкIыу хуэжьа къэкIыгъэ, гъуэла, хуэла. 28. Фадэ гуащIэ. 29. ЦIыхум хэльын хуей щыпкъагъэр кьыззащIзэнуфыда. 30. Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъурIэныр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIа тхакIуэ. 31. Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткъ, кино актрисэ цIэрыIуэ. 34. Гъэсэныгъэ, гъэIуцIыныгъэ. 36. Щоджэнцыкlу Алий и «Къамботра Лацэрэ» романым хэт хьыджэбэ лIыхъужь. 37. Псыхуабэ и гъунэгъуу щыIэ Iуащхьэ. 38. Бахьсэн куейм щыIэ къуажэ. 43. Шэчынщэу ягъэкъуаншэ цIыхур зрагъапщэ къурыкъу, бжэгъу. 45. Къэуатым нэгъуэщIу зэреджэ. 47. Нарт гъэкIэ Iэзэ. 48. ЕтIанэ кIэмэзэ щIыгъуэ. 49. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу, бзэкIэ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ ди гъунэгъу лъэпкъ. 50. НысащIэр япэу и дыщ щашэж. 51. Гъэмахуэ зэманым Iэщхэр щаIыгъ бгылъэщIыпIэ. 52. Гъэм и нэхъ бэ-выгъуэ зэман.

***Кьэхыу*:** 1. Гъуэзджэм, щэнхабзэм я Iуэхущ Iапl эин, цIыхухуэ щызэхуэсу. 2. ТхакIуэ цIэрыIуэу, щIэныгъэлIу щы къызыхэкIа лъэпкъ. 4. Лъакъуэм ищI лъэужь. 5. Iуданэу зэхэща кIапсэ псыгъуэ цIыкIу. 7. ШыкIэпшынэм зэреуэ Iэмэпсымэ. 8. Бахьсэн куейм щыIэ къуажэ. 9. Бланэ, лъэрызехьэ. 10. Зи бзэр кIуэдыжа адыгэ къудамэ. 14. Адыгэхэр Волгэ псым зэреджэ. 16. Нэхъыжь тIысыпIэ. 18. Адыгэхэр Египетым, абы щыпсэухэм зэреджэ. 22. Ди къэралыр, республикэр нэхъыбэ дыдэу зыхуэныкъуэ IэщIагъэ. 23. Нарт Батрэз и адэ. 24. Хым хэс бдзэжьеящхуэ. 25. Совет Союзым и ГIыхьужь, танкист хахуэу щыта адыгэлI. 27. Щомахуэ Хьэсэнбий и уэрэд. 28. Iэщым фIыуэ яшх, хущъхьуэ кьагъэсэбэп губгъуэ удз. 32. Дудар Хьэутий и «Зэгъэнэгъуит!» пьесэм хэт мамэ... 33. Шу зауэлI. 35. Уафэгъуагъуэмрэ уафэхьуэпскIымрэ я тхьэ. 39. Шэрджэс тхакIуэ Уэхъутэ Абдулыкъ и тхылъ. 40. Урысей Федерацэм щыIэ зиIэ и артист, балетмейстер цIэрыIуэу щыта. 41. Совет Союзым и ГIыхьужь, еджагъэшхуэ, артист цIэрыIуэ къызыхэкIа лъэпкъ. 42. Фызым и щхьэгъусэм и кьуаш. 44. Зы лъэпкъыр и зыхуэпэкIэкIэ адрей-къэзрыщхьэщыкI щыгъын. 45. Iэщхэм я тхьэ. 46. ГъукIэ Iэмэпсымэ. 47. ЦIыхум гъащIэм щицI лэжьыгъэхэмрэ абыхэм яIэ мыхьэнэмрэ.

Зэхэзыльхьар **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**



Жэпуэгъуэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*:** 5. Бжьыныку. 7. Жанхьуэт. 9. Ауэ. 11. Къуэ. 12. Надэ. 13. Имыс. 14. Акъ. 15. Гуащэней. 16. Чырбыш. 18. Къалмыкъ. 19. Пхъэпс. 21. Хэжкlэ. 22. Уэтэр. 23. МыщIэ. 24. Лэгъуп. 27. Кьан. 30. Дэ. 31. Пщагъэ. 32. Унажэ. 33. Мы. 35. Бел. 37. Нысэ. 40. Мыщэ. 41. Курыбэ. 43. Дэлэн. 44. ЛанпIэ. 45. Шапсыгъ. 46. КьуийцIыкIу. 47. Хьэсэбэкъу. 49. Кхъуръ. 50. Аркъэ. 51. Лъахъш. 53. Удж. 54. Псы. 55. Хьэпций. 56. Дыщэпс.

***Кьэхыу*:** 1. Бжьын. 2. Шыльэгу. 3. Дарий. 4. Хьэпс. 6. Жумэрэн. 8. ШэджьихьэщIэ. 10. Дагъыстэн. 17. Шэмэджьыгъдыргъ. 18. Кьатхъэнсулыкъу. 19. Пэу. 20. Суд. 23. Медан. 25. Псыдзэ. 26. Пщы. 27. Кьэб. 28. Надэ. 29. Ажэ. 34. Псынащхьэ. 36. Тырныауэ. 38. Мэл. 39. Гъудэ. 42. Къундэпсо. 47. Хьэмид. 48. Къулышыкъу. 50. Арэф. 52. Шэпхъ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаеэ Маритэ, Лъостэн Музэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокьуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIапIэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъашIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапl эхэм я дэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмоуэмкIэ - 42-22-88; екъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдзэхэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-89.

Газетыр щыпмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуаш.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъашIэ ГъашIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елъэкьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокьуэ Эллэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ *(1,2-нэ нап.)*, Табыщ Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIепыкьуэгъу Иуан Заирэ. *Компьютеркlэ газетым и технологиэ щIащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, Щакlуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыградзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.010● Заказ №3510